

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1. Méthode jeung Téknik Panalungtikan

3.1.1. Méthode Panalungtikan

Pamakéan hiji méthode jeung téknik panalungtikan bakal nangtukeun kasuksésan hiji kagiatan panalungtikan. Ku kituna, dina ieu panalungtikan diperlukeun méthode jeung téknik panalungtikan nu cocog jeung masalah anu ditalungtik anu engkéna dipiharep éta panalungtikan bisa dipertanggungjawabkeun.

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode ékspérimén kuasi. Ieu méthode digunakeun pikeun ngukur atawa nguji kamampuh siswa dina pangajaran kaparigelan nulis karangan éksposisi.

3.2. Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun dua kelompok subjék, nya éta kelompok ékspérimén jeung kelompok kontrol (*pemanding*) saperti dina ieu bagan di handap.

Tabél 3.1

Kelompok	Praté	Perlakuan	Pasca tés
K _E	O ₁	X	O ₂
K _C	O ₁		O ₂

Keterangan:

K_c = Kelompok ékspérimén

K_E = Kelompok kontrol

O₁ = Praté (hasil observasi saméméh perlakuan)

X = Perlakuan, ngagunakeun modél *Picture and Picture* nu mngrupa rangkay gambar-gambar kagiatan.

= Henteu maké perlakuan

O₂ = Pascates (hasil observasi sabada perlakuan)

3.3. Téknik Panalungtikan

3.3.1 Téknik Ngumpulkeun Data

Data nya éta sajumlahing informasi nu bisa méré gambaran ngeunaan hiji kaayaan atawa masalah, boh anu mangrupa angka-angka (golongan) boh anu mangrupa katégori saperti hadé-goréng, luhur-handap, jeung sajabana (Subana, 2000:9).

Téknik ngumpulkeun data anu digunakeun ku panulis nya éta:

(a) Uji coba

Panalungtik ngajukeun bahan pangajaran ngagunakeun modél *Picture and Picture*.

(b) Tés

Tés nya éta sajumlahing patalékan atawa alat séjén anu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, intelegénsi, kamampuh atawa bakat anu dipimilik ku individu atawa kelompok (Arikunto, 1993:123).

Tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téknik tés awal jeung tés ahir. Tés awal digunakeun pikeun meunangkeun hasil kamampuh siswa saacan perlakuan, sedengkeun tés ahir digunakeun pikeun meunangkeun aya henteuna paningkatan kaparigelan nulis karangan sabada ngalaksanakeun modél *Picture and Picture*.

3.3.2. Téknik Ngolah Data

Léngkah-léngkah ngolah data dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Nganalisis hasil karangan siswa tina unggal aspék anu dipeunteun.

Nangtukeun jumlah skor siswa tina hasil pratés jeung pascaté kelas ékspérimén jeung kelas kontrol, tuluy ditabulasikeun. Hal ieu miboga tujuan pikeun meunangkeun rata-rata peunteun, standar déviiasi jeung varians ti masing-masing kelompok.

- 2) Ngayakeun uji normalitas. Tujuannana pikeun mikanyaho normal henteuna data nu mangrupa hasil karangan siswa anu ngagunakeun rumus chi-kuadrat. Samemeh ngagunakeun rumus chi kuadrat, dilakukeun langkah-langkah saperti ieu di handap:

1. Nangtukeun nilai rata-rata tina unggal tés ngagunakeun rumus:

- a. ngitung mean atawa rata-rata nilai prates (X_{\square}):

$$X_{\square} = \frac{\sum fx}{N}$$

Keterangan:

X_{\square} : rata-rata nilai pratés

$\sum fx$: jumlah skor nilai

N : jumlah subjek

b. Ngitung mean atawa rata-rata nilai pasca tes (X_2):

$$X_2 = \sum \frac{fx}{N}$$

Keterangan:

X_2 : rata-rata nilai pretes

$\sum fx$: jumlah skor nilai

N : jumlah subjek

2. Neangan standar deviasi ngagunakeun rumus

$$SD = \sqrt{\frac{N \cdot \sum fx^2 - (\sum fx)^2}{N(N-1)}}$$

Keterangan:

SD = Standar Deviasi

$\sum fx^2$ = jumlah frekuensi nilai

$(\sum fx)^2$ = jumlah frekuensi nilai x kuadrat

N = jumlah subjek panalungtikan

3. Nyieun daftar frekuensi jeung frekuensi eksektasi nu ngawengku:

a) nangtukeun jumlah kelas (k), ngagunakeun rumus: $k = 1 + 3,3 \log n$

b) nangtukeun rentang kelas (r) nya eta: skor panggedena-skor pangleutikna

c) nangtukeun panjang kelas (p), ngagunakeun rumus: $p = r/k$

d) nangtukeun Z

$$Z = (BK-X) \setminus sd$$

- e) nangtukeun ambahan atawa legana unggal kelas interval (L)
- f) nangtukeun frekuensi ekspektasi
- g) nangtukeun frekuensi observasi
- h) nangtukeun χ^2 (chi-kuadrat) ngagunakeun rumus:

$$X^2 = \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

3) Mere peunteun karangan siswa

Tabél 3.2
Padoman Peunteun Ngarang

Kamampuh nulis karangan Éksposisi	Skor	Tingkat
1	2	3
Éjahan (nuliskeun aksara, kecap, jeung ngalarapkeun tanda baca)	5	Hadé Pisan
	4	Hadé
	3	Sedeng
	2	Kurang
	1	Kurang Pisan
Paragraf (cara mekarkeun paragraf)	5	Hadé Pisan
	4	Hadé
	3	Sedeng
	2	Kurang
	1	Kurang Pisan
Eusi (cara mekarkeun eusi jeung kualitas eusi)	5	Hadé Pisan
	4	Hadé
	3	Sedeng

	2	Kurang
	1	Kurang Pisan
Karapihan tulisan	5	Hadé Pisan
	4	Hadé
	3	Sedeng
	2	Kurang
	1	Kurang Pisan
Jumlah Skor	20-4	
Peunteun	10-2	

Katerangan:

1. Éjahan, nya éta kamampuh siswa dina katepatan nulis aksara, kecap, jeung ngalarapkeun tanda baca dina tulisan.
2. Cara mekarkeun paragraf, nya éta kamampuh siswa dina mekarkeun hiji paragraf anu sinambung (ayana hubungan/kohérénsi) antara hiji paragraf jeung paragraf satuluyna jeung logis.
3. Cara mekarkeun eusi karangan jeung kualitas eusi, nya éta kamampuh siswa dina kaparigelan mekarkeun idé/gagasan sahingga jadi hiji karangan anu logis tur komunikatif.
4. Karapihan tulisan, nya éta tampilan tulisan anu jelas, sistematis tur kabaca.

Pikeun meunteun karangan siswa digunakeun pedoman meunteun saperti tabé 3.2. Peunteun maksimal karangan siswa nya eta 20. Peunteun

anu kahontal ku siswa dirobah jadi skor atah ngagunakeun rumus saperti di handap ieu:

$$\text{Skor atah} = \frac{\text{Peunteun Anu Kahontal}}{\text{Skor Maksimal Karangan}} \times 100\%$$

Contona: KS1 meunang peunteun 7,5 tuluy dirobah jadi skor atah

$$\begin{aligned} \text{Skor atah} &= 15 \times 100\% \\ &= \frac{7,5}{20} \times 100\% \\ &= 75 \end{aligned}$$

jadi skor atah KS1 nya eta .

Pikeun peunteun ahir, digunakeun Pendekatan Acuan Patokan (PAP) 100%, saperti ieu dihandap:

$$\text{Peunteun} = \frac{\text{Skor Nu Kahontal}}{\text{Skor Ideal}} \times 100\%$$

(Wirasmita, 1988:19)

- 4) Ngayakeun Uji homogénitas. Data dianggap homogén lamun $F_{itung} < F_{tabel}$. Sabalikna, data dianggap teu homogén lamun $F_{itung} > F_{tabel}$.

3.4. Populasi jeung Sampel

3.4.1 Populasi

Populasi nya éta objék atawa subjék anu aya dina hiji wilayah jeung saluyu nyumponan sarat-sarat anu tangtu patali jeung masalah panalungtikan.

Populasi aya hubunganana jeung data, lain manusa atawa objékna (Nazir, 1983 : 327).

Anu dijadikeun populasi dina ieu panalungtikan nya éta kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas VII B jeung VII C SMPN 15 Bandung Taun Ajaran 2007/2008.

3.4.2. Sampel

Sampel nya éta bagian tina populasi anu miboga ciri-ciri atawa kaayaan nu tangtu anu baris ditalungtik.

Ieu panalungtikan make teknik sampel, téknik sampel anu dipaké nya éta téknik *purposive sample* kusabab kawatesanan ku waktu, tanaga jeung dana. Jadi sampel anu dicokot ukur dua kelas ti salapan kelas, nya éta kelas ékspérimén jeung kelas kontrol. Kelas VII B mangrupa kelas ékspérimén anu ngagunakeun modél *Picture and Picture*. Sedengkeun kelas VII C mangrupa kelas kontrol atawa kelas *pembanding*

Jumlah tina dua kelas éta nya éta 76 urang. Masing-masing kelas jumlahna nya éta kelas VII B aya 38 urang jeung kelas VII C jumlahna aya 38 urang. Ku kituna, sampelna nya éta kamampuh nulis karangan éksposisi ngagunakeun modél *Picture and Picture* 38 siswa.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Salah sahiji kagiatan dina perencanaan panalungtikan nyaéta nyusun instrumen panalungtikan anu saluyu jeung masalah anu ditalungtik. Sakumaha nau geus dijéntrékeun saméméhna, téknik anu digunakeun dina ieu panalungtikan

nya éta téknik tés, tujuanana pikeun maluruh pangaruh modél *Picture and Picture* kana kamampuh nulis karangan éksposisi.

Instrumén ieu panalungtikan ngawengku lambaran karangan, padoman pikeun meunteun, jeung déskripsi ngeunaan kriteria meunteun. Hasil tés mangrupa data kuantitatif diolah maké data statistik.

